



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRÈ PATENARYA TEKNIK SWAT POU EDE NOUYÒKÈ YO PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

*Patenarya piblik-prive k'ap mennen nan nasyon an k'ap pèmèt Eta ogmante resous teknolojik yo, sa k'ap afekte dè milyon Nouyòkè ak ekonomize lajan kontribyab yo*

**[Rapò sou pwogrè a](#) detaye 19 pwojè gratis pandan moman bezwen san parèy ki te ranfòse repons Eta a pandemi an**

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse pwogrè patenarya Teknolojik SWAT pou ede Nouyòkè yo pandan pandemi COVID-19. Patenarya piblik-prive k'ap mennen nan nasyon an k'ap pèmèt Eta ogmante resous teknolojik yo, sa k'ap afekte dè milyon Nouyòkè ak ekonomize lajan kontribyab yo. Rapò sou pwogrè a detaye 19 pwojè gratis, yo tout te ranfòse ak sipòte repons Eta a pandan yon moman bezwen san parèy.

"Kolaborasyon ant lidè endistri teknoloji yo ak anplwaye piblik dedye nou yo te ede New York satisfè demand teknik ak demand operasyonèl nan repons a pandemi a pandan l'ap ekonomize tou dè milyon dola lajan kontribiyab yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Asistans yo pandan moman difisil sa yo te gen yon enpak pozitif sou dè milyon Nouyòkè, epi sipò ak sèvis kontinyèl yo pral enpòtan pandan n'ap goumen kont yon ijans sante piblik ak rebati ekonomi nou an pi fò pase anvan menm."

**[Ekip Teknik 'SWAT' COVID-19 Eta New York](#)** (New York State COVID-19 Tech 'SWAT' Team) lan, an kowòdinasyon ak ekip teknik entèn ki dirije pa eta a, te devlope 40 pwojè pandan kriz sante piblik COVID-19 ki te lakoz prèske 50 milyon entèraksyon ant piblik la ak gouvènman eta a ak yon estimasyon ekonomi ki koute apeprè 14 milyon dola, dapre rapò sou pwogrè a ki soti nan Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Office of Information Technology Services) eta a.

Nan mwa mas la, sou direksyon Gouvènè Cuomo, ITS te mande volontè pou ede devlope solisyon teknolojik pou sipòte ak akselere repons kowòdone, desizif, epi ki evolye rapidman nan Eta New York sou epidemi COVID-19 la. Repons sektè prive a te san parèy, ak prèske 7.300 volontè ki te reprezante 3,500 òganizasyon ki t'ap reponn a apèl pou bay sèvis.

ITS te travay avèk Biwo Gouvènè a ak Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) eta a pou etabli fòmèlman ekip volontè pwofesyonèl teknik ki byen kalifye epi ki gen yon espri sivik pou travay ansanm ak anplwaye eta a pou ede nan repons New York pandan espresant 30 a 90 jou. Ekip la te kowòdone tou deplwaman kontribisyon enpòtan nan ekipman teknik ak lojisyèl pou sipòte aktivite COVID-19 yo.

Depi lè sa a, Ekip Teknik 'SWAT' COVID-19 ap ede ajans Eta yo avèk operasyon, analiz ak lòt aplikasyon teknolojik yo ki te pèmèt yo kontinye bay sèvis enpòtan pandan pandemi an. Pandan tan sa a, gen 19 pwojè ke yo te devlope gratis, ki ofri yon total 25,000 èdtan nan sipò volontè ak ekonomize apeprè 14 milyon dola nan lajan kontribiyab yo.

Anplis de sa, eta a te devlope 21 pwojè priyoritè ki jere ak dirije antyèman pa ekip entèn gouvènman an nan ITS, nan biwo nan Sèvis Dijital ak Medya (Digital and Media Services), ak lòt ekip ajans entèn yo. Nouyòkè yo souvan konte sou inisyativ sou entènèt sa yo, ak pwojè dijital ki jenere 49 milyon entèraksyon sèvis ak 342 milyon paj vizite (vyou) pou 60 milyon itilizatè.

Pwojè teknik gratis yo te devlope pandan repons a COVID-19 yo enkli:

- **Platfòm Depistaj, Planifikasyon, ak Tès COVID-19 ak Antikò** - ITS ak Depatman Sante Eta New York te fè yon patenarya ak Microsoft pou lanse yon [platfòm tès depistaj COVID-19 nan tout eta a](#) ki te pèmèt rezidan yo depiste tèt yo pou sentom yo, mande epi pwograme yon tès COVID-19, epi resevwa rezilta nan youn nan sit tès Eta New York jere yo. Yo te kreye fonksyonalite ki menm jan pou tès antikò. Kounye a se volontè nan Houston k'ap itilize platfòm sa a pou mete sit tès sou pye e an fonksyon.
- **Aplikasyon Depistaj COVID-19** - ITS ak DOH te fè patenaryak avèk Apple pou fè New York vin premye eta nan nasyon an ki entegre enfòmasyon COVID-19 lokal nan distans sosyal, tès, ak direktiv reouvèti ekonomik nan [aplikasyon depistaj mobil ak sit entènèt COVID-19](#) li a.
- **Google.Org COVID-19 Fellowship** - ITS ap kolabore ak yon ekip manm asosye ki trè kalifye pou re-imagine yon eksperyans fasil a itilize pou ede itilizatè yo jwenn sèvis yo ak asistans ke yo ka kalifye pou yo nan mwens tan ak pou kolekte fidbak sou ki jan pou kontinye amelyore sèvis sa yo, ke yo dwe konplètman lanse nan sezon otòn lan.
- **Zouti Rechèch Tès COVID-19 nan Tout Eta a** - ITS ak DOH te fè patenarya avèk Google ak Castlight pou pibliye ak mete ajou yon [kat jewografik konplè](#) - ki repètorye plis ke 750 sit tès COVID-19 ak antikò atravè eta a.
- **Inisyativ Fòmasyon Digital NYS**: ITS te kolabore ak Microsoft, Mastercard, Square, ak Codecademy pou devlope yon seri de atelye ak opòtinite pou fòmasyon teknik endividalize pou travayè eta yo nan ITS, Ekip Sèvis Digital NY la, ak lòt ajans entèn yo pou ogmante angajman

pandan travay adistans lan, pèfeksyone konpetans dijital, ak delivre sèvis dijital pi bon klas kòm rezidan yo kontinye jwenn aksè ak sèvis adistans yo.

Pwojè ITS jere yo te devlope pandan repons a COVID-19 yo enkli:

- **Aplikasyon pou Asirans Chomaj DOL** - ITS te travay ak Google Cloud pou lanse yon [Aplikasyon pou Asirans Chomaj](#) reyamenaje, ki te gen ladann devlopman yon entèfas inisyal ki adapte ak mobil pou kolekte enfòmasyon itilzatè yo epi telechaje li sou sit entènèt ajans lan pandan tan arè yo pou diminye tan datant yo ak volim sant apèl yo; ekzamine desen an ak etap ki asosye ak pwosesis asirans chomaj la; plis senplifye pwosesis la an jeneral; epi entegre pwosesis Asistans pou Chomaj Pandemi an pou li vin yon sèl aplikasyon.
- **Tablo Done COVID-19 nan Tout Eta** - ITS, an patenarya avèk DOH, te lanse yon [tablo](#), pou rapòte piblikman sou ka, lye, rekiperasyon COVID-19, ak lòt pwèn done segmante pa rejyon, ras, laj, ak lòt faktè kle.
- **NY Sitwèb NY Forward State ak Zouti Rechèch Re-ouvèti Biznis NY la** - ITS ak Ekip Sèvis Digital la te kolabore pou konstwi [sitwèb New York Forward](#), yon gichè inik pou gide biznis yo sou plan re-ouvèt yo epi pou bay Nouyòkè yo done ak resous pou yo rete an sekirite. epi swiv anons re-ouvèti rejyonal yo. Ekip la te devlope tou yon [Zouti Rechèch pou Re-ouvèti New York Forward](#) pou ede biznis yo detèmine elijibilite yo pou re-ouvèti ansanm ak règleman pou re-ouvri yo.
- **Aplikasyon pou Depistaj COVID-19 pou Ajans ak Antite Eta New York yo** - ITS te devlope yon aplikasyon pou senplifye ak estandartize pwosesis depistaj santechak jou pou ajans eta ak otorite yo pandan y'ap fè anplwaye yo tounen nan espas travay pa faz nan mitan COVID-19 la.

**Ofisye Chèf Enfòmasyon Pa Enterim ak Direktè ITS la, Jeremy Goldberg te deklare**, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York avanse avèk ijans, pwofesyonalis ak detèminasyon pou atake COVID-19 a fon. Kòm yon pati nan efò sa a, nou te resevwa asistans san parèy nan men teknolojis ki gen espri patriyotik atravè eta a ak nasyon an pou sipòte repons nou an. Nou remèsye yo pou kapasite yo ak jenewozite yo epi nou aplodi anplwaye teknoloji gouvènman ki devwe ou nan sipòte Nouyòkè yo pandan moman bezwen sa a".

**Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare**, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Nouyòkè yo deja aplati koub la ak bravou. Rapò sou pwogrès sa a se yon temwayaj sou sa ki ka reyalize lè alafwa gouvènman an ak endistri a kanpe epi travay ansanm pou delivre solisyon kreyatif ak inovan pou rekonstwi New York pi byen".

**Chèf Afè Gouvènmantal pou Google NY, Angela Pinsky, te deklare**, "Lè New York te lanse apèl pou ed, Google pa te ka tann pou reponn. Kòm nou kontinye navige kriz pandemi an ansanm, Biwo Gouvènè a, ITS, ak tout nan ajans yo rete òganize, dirije, ak yo gen vizyon klè nan estriktire nouvo kolaborasyon piblik-prive inovan sa yo. Se te

yon onè pou nou kapab bay ekspètiz teknolojik ak resous nan Google.org Fellows nou yo pou ede Nouyòkè parèy nou yo pandan moman enpòtan sa a".

**Prezidan Endistri Ameriken Regilarize yo nan Microsoft, Toni Townes-Whitley, te deklare,** "Lidèchip Eta New York te moutre ak Ekip SWAT Teknolojik Eta Coronavirus te ede Nouyòkè yo nan premye faz pandemi sa a. Microsoft kontan paske li jwe yon wòl sipò, pa sèlman nan ede New York delivre yon zouti mobil pou sitwayen yo evalye pwòp tèt yo, men tou pou akselere inovasyon teknoloji pou sipòte yo nan chak faz nan kriz la".

Inisyativ NYS Tech SWAT te rive posib gras ak gwo patenarya entèn ant plizyè ekip eta yo, tankou gwo travay ekip Chanm Estrateji Digital & ak Medya Sosyal (Chamber Digital Strategy & Social Media), Depatman Sante, Depatman Travay (Department of Labor), Depatman Sèvis Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicle Services), ak Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets). Patnè Tech SWAT yo enkli Apple, Accenture, Acquia, Armanino LLP, Castlight, Cisco, Codecademy, Dell, Google, H2R Product Science, HPE, LinkedIn, Ludia Consulting, Mastercard, Microsoft, Square, Tata Consultancy Services, ak Unisys.

Pou telechaje rapò konplè ki mete an evidans pwogram Tech SWAT la ak pwojè ki asosye li yo, vizite sit entènèt pwogram lan [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)